

AVI SOU ATELYE ENFÒMASYON PIBLIK

Ki lè: Lendi 25 septanm 2023

5:00 pm – 6:30 pm

Ki kote: LeeTran Headquarters

3401 Metro Parkway, Room 171

Fort Myers, FL 33901

Aksè sou Entènèt: [Klike la a pou antre nan reyinyon an](#)

Aksè pa telefòn sèlman: Tape (321) 414-2159 ak ID reyinyon an ki se 512 659 812#

KÒMANTÈ YO BYENVENI SOU MIZAJOU NAN PWOGRAM TITLE VI LEETRAN PWOPZE A

LeeTran (Lee County Transit) pral fè yon atelye enfòmasyon piblik konsènan pwogram Title VI li pwopze a soti 5:00 pm rive 6:30 pm nan dat lendi 25 septanm 2023, nan Syèj sosyal LeeTran, 3401 Metro Parkway, Fort Myers, FL 33901.

Reyinyon sa a se pou enfòmasyon piblik la sou pwogram nan epi rasanble kòmantè. Pwogram Title VI la dekri ki jan LeeTran pral bay sèvis transpò piblik pou satisfè kondisyon Lwa sou dwa sivil 1964 la. L ap fèt nan fòm pòt louvri epi patisipan yo ka vini oswa rele nenpòt kilè ant 5:00 pm ak 6:30 pm. Reprezantan LeeTran yo ap la pou diskite sou plan an epi reponn kesyon yo.

Materyèl pwojè pwogram yo ap disponib pou revizyon anvan reyinyon an epi ou ka li l sou entènèt la nan www.leegov.com/leetran/about-leetran/legal-notices. LeeTran byen kontan resevwa kòmantè alekri pa imèl nan rmonroe@leegov.com oswa pa lapòs bay LeeTran, 3401 Metro Parkway, Fort Myers, FL 33901, Pou: "Ranice Monroe, Compliance Coordinator."

Ann akò ak Lwa pou ameriken ki andikape yo, Konte Lee pa pral fè diskriminasyon kont moun ki kalifye ki andikape nan sèvis, pwogram, oswa aktivite l yo. Pou mande yon èd oswa sèvis oksilyè pou kominikasyon efikas oswa yon modifikasyon rezonab pou w patisipe, kontakte Doktè Ranice Monroe, (239) 533-0374, oswa rmonroe@leegov.com. Y ap ofri akomodasyon gratis pou moun ki mande sa. Demann yo dwe fèt omwen 5 jou ouvrab alavans.

KONTAK:

Dr. Ranice Monroe, Compliance Coordinator
Lee County Transit – LeeTran
3401 Metro Parkway
Fort Myers, FL 33901
(239) 533-0374
rmonroe@leegov.com